

**un pays
on peyi**

Manno Ejènn et Rodney Saint-Éloi

Numéro 71, automne 2005

URI : <https://id.erudit.org/iderudit/6619ac>

[Aller au sommaire du numéro](#)

Éditeur(s)

Société littéraire de Laval

ISSN

1194-8159 (imprimé)

1920-812X (numérique)

[Découvrir la revue](#)

Citer cet article

Ejènn, M. & Saint-Éloi, R. (2005). un pays / on peyi. *Brèves littéraires*, (71), 84–87.

MANNO EJÈNN

Un pays

J'ai un pays
en reflux sur ma peau
plaies ouvertes
jusqu'aux os
un pays sans nom sans passeport
une citoyenneté effacée
qui circule dans le vent
un pays en partance
qui va et vient absolu
comme mon pied droit

Le commencement de la fin
viendra assurément
il avance longtemps déjà
le voici qui s'approche

Traduit du créole par Rodney Saint-Éloi

MANNO EJÈNN

on peyi

Mwen genyen yon peyi
an dekolaj nan po-mwen
maleng toulouvri
kòche jouk nan zo
san non san paspò
yon nasyonalite efase
k'ape defeyete nan van
yon peyi an vwayaj
k'ape mache prese konsa
nan pye dwat-mwen

Depi nan koumansman lafen
li nan wout k'ape vini
depi demil lye pèdi l'ape vanse
woulo woulo woulo li san lè rive

J'ai un pays
à bâtir au sang de mon sang
caillots rouge-sang fondus
déliquescents tourbillonnant
toutes les fois que coulait le sang
mes veines s'ouvraient
l'espoir arrive chaud et court
comme la rivière qui descend
et qui s'amasse et qui dort dans son lit
le fleuve dans sa folle course
m'a reconnu
le fleuve allait toujours d'un temps à l'autre
mais les temps ne sont pas si lointains

J'ai ce pays debout
dans la paume de la main
géographie béante
le pays naît du livre de mon cœur
j'ai vu ce pays de mes deux yeux
comme je te vois dans ta chair
fleur et image miroir
avec l'odeur d'un rêve qui mûrit
un pays mi-femme mi-homme
qui gouverne la rosée
avec la voix des enfants
qui courent et qui tressent les rubans du soleil

Mwen genyen yon peyi
pou bati ki nan san-mwen
kayo wouj vif k' ape fonn
epi k' ape bouyi toubiyonnen
chak fwa kote san te koule
mwen santi-li nan venn-mwen
lespwa tou cho k' ape kouri
yon larivyè k' ape desann
k' ape pran fòm (re) pran plas-li
menm nan foulitid pèdi
anpasan ki rekonnèt-mwen
flèv endont k' ap ale vini
fè lanavèt ant yon tan dantan
ak yon bon vyetan ki pa two lwen

Mwen genyen peyi sa a
toulouvri nan planmen-m
kat jewografi tout trase
ki soti tou drèt nan liy kè-m
mwen wè-li nan de zye-mwen
tankou mwen wè-ou la a
yon imajinasyon flerize
avèk yon lodè rèv mi sou pye
yon peyi mwatye fanm mwatye gason
k' ape gouvènèn lawouze
avèk yon bann ti maymay
alaso k' ape trese riban solèy